

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan, tina dua puluh dua dongéng anu kacangking téh ngahasilkeun tilu kacindekan utama, nya éta struktur carita dongéng, ajén atikan anu nyampak dina dongéng, jeung bahan pangajaran maca di SMP. Struktur carita atawa unsur intrinsik dongéng anu ditalungtik nya éta téma, galur/*plot*, latar/*setting*, jeung tokoh.

Téma anu dipidangkeun lolobana téma moral sanajan aya sababaraha hiji dongéng anu témana sosial jeung réligius. Dongéng-dongéng anu témana moral aya sabelas, nya éta “Dongéng Jalan Neundeut”, “Dongéng Leuweung Neundeut”, “Dongéng Kuda Semprani”, “Dongéng Tangkal Gintung Reuneuh”, “Dongéng Gunung Bongas”, “Dongéng Batu Roké”, “Dongéng Tanjakan Engkos”, “Sasakala Lembur Cayur versi 1”, “Dongéng Curug Bandung”, “Sasakala Walungan Cibantar”, jeung “Dongéng Leuweung Ciperengok”. Dongéng-dongéng anu témana sosial aya genep, nya éta “Dongéng Pongpétan”, “Dongéng Mandala”, “Sasakala Lembur Cayur versi 2”, “Sasakala Kacamatan Cikatomas”, “Sasakala Walungan Cimedang”, jeung “Sasakala Lembur Cigembrong”. Sedengkeun dongéng-dongéng anu témana réligius aya lima, nya éta “Sasakala Lembur Padawangi”, “Dongéng Makam Segitiga”, “Sembah Dalem Pernawangsa”, “Éyang Rahmal” jeung “Éyang Ali”. Tuluy galur anu dipidangkeun lolobana galur mérélé sanajan aya hiji dongéng anu galurna mobok tengah nya éta anu judulna “Dongéng Leuweung Ciperengok”. Latar anu kapanggih nya éta latar sosial, tempat jeung waktu. Latar sosialna didominasi ku latar sosial kalangan handap, latar tempatna lolobana di leuweung, sawah, gunung, jeung lembur, sedengkeun latar waktu anu kapanggih teu jelas lantaran

keterangananana didominasi ku kecap jaman baheula, jaman harita, dina hiji waktu, jeung réa-réa deui. Sedengkeun tokoh atawa palaku didominasi ku masarakat sabudeureun lantaran ieu dongéng lolobana dicaritakeun kalayan sudut pandang jelema katilu sanajan sudut pandangna henteu ditalungtik.

Ajén atikan anu nyampak dina dua puluh dua dongéng anu ditalungtik nya éta ngawengku ajén moral, ajén sosial, jeung ajén agama. Ajén moral jeung ajén sosial kapanggih dina sakabéhna dongéng, sedengkeun ajén agama ngan kapanggih dina tujuh dongéng nya éta “Dongéng Tanjakan Engkos”, “Sasakala Lembur Cayur versi 1”, “Sasakala Lembur Padawangi”, “Dongéng Makam Segitiga”, “Sembah Dalem Pernawangsa”, “Éyang Rahmal”, jeung “Éyang Ali”. Ajén moral anu kapanggih lolobana nya éta sangkan manusa salaku individu bisa ngajaga paripolah jeung tata kramana kalayan hadé, ajén sosial anu kapanggih lolobana nya éta sangkan manusa salaku individu bisa ngajén ka papada manusa sarta ngajén kana dongéng-dongéng anu aya di sabudeureunana, sedengkeun ajén agama anu kapanggih dina dongéng-dongéng anu kacangking mah teu pati jelas sabab geus kawengku dina ajén moral jeung sosial. Tapi sanajan kitu ogé aya sababaraha dongéng anu ajén agamana jelas.

Dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Cikatomas Kabupaten Tasikmalaya anu jumlahna aya dua puluh dua dongéng, sageblengna bisa dijadikeun pikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMP. Éta dongéng-dongéng anu kacangking téh miboga unsur-unsur carita anu lumayan lengkep, tuluy euyeub ku rupa-rupa ajén atikan, sarta luyu jeung kritéria bahan pangajaran anu geus ditangtukeun.

## 5.2 Saran

Dongéng mangrupa warisan kabudayaan anu jadi salahsiji pangrojong kabeunharan sastra Sunda. Panalungtikan ngeunaan dongéng bisa jadi salahsiji média dina ngamumulé warisan kabudayaan jeung kabeunharan sastra Sunda.

Tapi sanajan panalungtikan ngeunaan dongéng geus sababaraha kali dilaksanakeun, tangtu loba kénéh dongéng anu can katalungtik. Ku kituna, aya sababaraha rékoméndasi pikeun guru basa Sunda, pikeun urang Sunda, jeung pikeun masarakat umum.

1) Pikeun panalungtik budaya/sastra

Ieu panalungtikan bisa jadi salahahiji référensi dina panalungtikan anu bakal dilaksanakeun boh budaya boh sastra, lantaran ieu panalungtikan kawatesanan kana unsur struktural jeung ajén atikan anu nyampak dina dongéng wungkul. Teu nutup kamungkinan panalungtikan anu baris dilaksanakeun bisa leuwih jembar deui.

2) Pikeun guru basa Sunda

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi salahahiji pangdeudeul atawa alternatif pikeun bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda, hususna bahan pangajaran maca dongéng di SMP kelas VII.

3) Pikeun urang Sunda

Ieu panalungtikan bisa jadi salahahiji gambaran sangkan mikawanoh dongéng-dongéng anu aya di tatar Sunda jeung mikanyaho ajén atikan anu nyampak di jerona. Salian ti kitu, bisa jadi salahahiji jalan dina ngajaga warisan kabudayaan Sunda dina wangun sastra tur bisa leuwih mikawanoh kana jati dirina salaku urang Sunda.

4) Pikeun masarakat umum

Ieu panalungtikan bisa nambahann pangaweruh anu leuwih jembar dina widang budaya jeung sastra, hususna dongéng anu aya di Kacamatan Cikatomas Kabupatén Tasikmalaya, sarta jadi motivasi sangkan mikaresep kana budaya atawa sastra lokal anu aya di sabudureunana.